**O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG`I QARAQALPAK MA`MLKETLIK UNIVERSITETI**

**BIOLOGIYA HA`M TOPIRAQTANIW KAFEDRASI**

Jaqlawg`a jiberildi.
Kafedrası" baslıg`ı dotsent
B.Gaypov.________________
___________________________

# QA`NİGELİK PİTKERİW JUMISI

**Tema: «Ju`zgin o`simliginin` bioekologiyası, fiziologiyalıq o`zgeshelikleri»**

Bag'dar: 5420100 - ***Biologiya***

**Orınlag'an:** **Men`libekova U.**

**İlimiy basshı:** **dots. G.Sabirov.**

**N O` K İ S – 2 0 1 2**

# M A Z M U N I


KİRİSİW………………………………………………………………………. 3

**1** ARQA BATIS QIZILQUMG`A FİZİKO-GEOGRAFİYaLIQ SIPATLAMA……………………………………………………………………. 5

**2** JU`ZGİNLER TUWRISIN İZERTLEW BOYINShA MAG`LIWMATLAR……………………………………………………….. 10

**3** JU`ZGİNLER TUWISININ` SİSTEMATİKASI……………….............. 15

**4** ARQA-BATIS QIZILQUMDAG`I TİYKARG`I EDİFİKATOR JU`ZGİNLERDİN` BİOMORFOLOGİYaLIQ O`ZGEShELİGİ……………………………... 18

**5** JU`ZGİNNİN` BİOEKOLOGİYaLIQ HA`M FİZİOLOGİYaLIQ O`ZGEShELİGİ…………………………………….. 27

**6** JU`ZGINLI JAYLAWLARDAN U`NEMLI PAYDALANIW………….. 38

JUWMAQLAW……………………………………………………..

PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR……………………………...

O`MİR QA`WİPSİZLİGİ…………………………………………………

# K İ R İ S İ W .

A`miwda`r`yanın` to`mengi aymag`ında son`g`ı jılları suw jetispewshiliginin` na`tiyjesinde burınnan egilip kiyatırg`an egislik maydanlardın` ko`lemi keskin qısqardı. Egislik jerlerdin` duzlılıq da`rejesi artıp o`nimdarlıg`ı to`menlep ketti. Bunday qıyın jag`daylarda awıl-xojalıq eginlerinen ha`m sharwashılıq o`nimlerinen joqarı zu`ra`a`t alıw qıyıng`a tu`sedi.

Qaraqalpaqstan xalqının` awıl-xojalıg`ı menen shug`ıllanıwshı ayırım diyxanları suw jetispewshilik na`tiyjesinde o`zlerinin` diyxanshılıq ka`sibin sharwashılıq penen almastırıwg`a ma`jbu`r. Qaraqalpaqstan sho`llerinde ha`m suw jetispegen A`miwda`r`ya del`tasının` qumlıqlarında taw qaldıqları to`beshiklerinde awıl-xojalıq malları ushın baxalı ot-jemlerdin` ko`p g`ana tu`rleri o`sedi. Olardın` ishinde en` a`hmiyetlerinen biri ju`zgin o`simligi bolıp tabıladı.

Ju`zginler a`sirese Qızıl qumda, barxanlı qumlarda, qum janbawırlarında ha`m oypatlıqlarında jaqsı o`sedi. Onın` bir jıllıq shaqaları, gu`li, miywesi, tuxımı awıl-xojalıq malları su`ysinip jeytug`ın ot-sho`p bolıp tabıladı. Ju`zginlerdin` ayrım tu`rlerinen da`riler tayarlanadı, boyawshı zatlar ha`m sa`n beriwshi dekarativ o`simlik sıpatında egip paydalanıwg`a boladı. Ju`zgindi tog`ay xojalıg`ı basqarması tog`ayzarlıqlardı payda etiwde tuxımınan sherenkasınan egip, temir jollardı asfal`t jol magistralların, elatlı punktlerdi kanal ha`m da`r`yalardı qum basıp ketpewden saqlaw ushın qumdı irkiwinen diywal (qorg`an) sıpatında egiwdi usınıs etedi. Sonlıqtan bul o`simliktin` biologiyasın ekologiyalıq ha`m fiziologiyalıq o`zgesheligin egip ko`beytiw jolların u`yreniw a`hmiyetli wazıypa bolıp tabıladı.

Qızıl qum ha`m U`stirt sho`llerinde o`nimdarlıg`ı to`men ha`m ot-jemlik qa`siyeti boyınsha sapasız ken` tarkalg`an bu`yirginli jaylawlardın` ornına ju`zginli jaylawlardı payda etiw maqsetke muwapıq boladı.

Men usı bakalavr jumısımda 2010–2011 jılları Arqa-batıs Qızılqum territoriyasında jaylasqan Universitettin` oqıw tajriybe bazasında ju`zginlerdi egip ha`m olarg`a baqlaw jasadım. Ayırım fiziologiyalıq ko`rsetkishlerin u`yrendim.

# 1. ARQA BATIS QIZILQUMG`A FİZİKO-GEOGRAFİYaLIQ SIPATLAMA.

Qaraqalpaqstannın` bul bo`leginin` klimatı jazda ju`da` ıssı hawa bultsız hawanın jaz boylıq ortasha temperaturası +18°S tan 37°S qa  shekem ko`teriledi.

Al qısqı temperaturası -12°S tan 20°S kA shekem boladı. Samaldın` tezligi 1 – 20 m/s. Turım bostanlıg`ının` klimatı temperaturası to`men.

Qaraqalpaqstan Respublikası territoriyası eki ta`biyiy proventsiyag`a bo`linedi. Aral Ka`spiy ha`m tu`slik Turan oypatlıg`ı bul eki proventsiya aralıg`ı paxta atızları menen sheklengen. Bul eki proventsiya bir-birine usas ko`kshil gu`ren qabatlar menen, jerdin` morfologiyası ha`r tu`rli bolıp keledi.

G.T.Semyaninov, (1938). P.İ.Koloskov (1947) mag`lıwmatları boyınsha hawa temperaturasının` ortasha jıl boylıq taralıwın qarap shıg`ıp Qaraqalpaqstan Respublikasının` temperaturasının` rejimi haqqında ulıwma tu`sinikke iye bolıwg`a boladı. En` to`men ortasha jıl boylıq temperatura 18,6° Qaraqalpaqstan U`stirtinen arqa shetindegi shegarasında jaylasqan Shurıq meteorologiyalıq stantsiyası rayonına tuwra keledi. En` joqarg`ı ortasha jıl boylıq temperaturası menen respublikanın` tu`sligindegi shetki tochkaları xarakterlenedi. Bul qalalarda To`rtkul` metostantsiyasının` mag`lıwmatlarına qarag`anda, ortasha jıl boylıq temperatura 12,4° ten. Solay etip ken`lik boyınsha 3,3° dawamında ortasha jıl boylıq temperatura tu`slikke qaray barg`an sayın 3,8° qa deyin ko`teriledi, yag`nıy tezlik boyınsha temperaturasın gradient ten`likten 1° S na 1,09° ten bolıp shıg`adı. (I-keste) Ba`rinen burın, O`zbekistannın` pu`tkil tegislik bo`limine qarag`anda, Qaraqalpaqstanda yanvar` ayında en` to`men temperaturanın` bolatug`ınlıg`ı -4,9° -9,2° S o`zine dıqqat awdardı. Qaraqalpaqstannın` tu`slik bo`liminin` ortasha temperaturasına Buxara oblastına tek arqa bo`limi ha`m Mırza sho`ldin` arqa shettegi rayonları a`dewir jaqın keledi.

Qaraqalpaqstannın` tu`slik ha`m orta polosalarında yanvar` izotermaları derlik ken`islik boyınsha jaylasqan. Arqaraqta ol Aral ten`izinin` jılıtqıshlıq ta`siri menen o`zegrip ketedi.

Ba`ha`rdegi temperaturanın` jalasıwın ko`reyik.

Temperaturanın` zonalıq jaylasıwının` ulıwma fonında jergilikli o`zgeshelikler ayqın ko`rine baslaydı. Bul o`zgeshelikler u`lken jıllılıq imperiyası bar ten`izdin` ta`siri menen de, sonday-aq, az da`rejede A`miwda`r`ya suwlarının`, del`ta ishindegi o`zge ko`llerdin`, usı ma`wsimde ha`wij alıp ketetug`ın ko`k sho`p massasının` ta`siri menen de belgilenedi. Aprel`din` yanvardan bir o`zgeshe jeri ten`izdin` u`stinde qurg`aqlıqtın` u`stindegige qarag`anda ol ana qurlım salqın boladı

1-keste

**Hawanın` ortasha aylıq ha`m jıllıq temperaturası.**

| Meteo stantsiya | yanvar` | aprel` | iyul` | oktyabr` | jıl |
|---|---|---|---|---|---|
| Barsakelmes atatwı | -7,4 | 6,8 | 25,7 | 11,1 | 9,0 |
| Moynaq | -7,4 | 8,3 | 26,3 | 11,0 | 9,8 |
| Qon`ırat | -7,1 | 11,5 | 25,8 | 9,5 | 10,0 |
| Chimbay | -7,6 | 11,9 | 26,0 | 9,6 | 10,0 |
| No`kis | -6,9 | 13,1 | 27,1 | 10,4 | 11,0 |
| Go`ne Urgench | -6,5 | 13,0 | 27,1 | 10,2 | 10,8 |
| To`rtkul | -4,9 | 14,3 | 28,2 | 11,5 | 12,4 |
| Xiywa | -4,5 | 14,5 | 27,4 | 11,1 | 12,1 |

Qaraqalrpaqstannın` aymag`ında ushırasatug`ın tiykarg`ı ba`lentlik to`beshik ha`m kishigirim paseltek tawlar Qusqanataw, Bel`taw Qırantaw, Qızıljar ha`m Sultan Wa`yis tayaı bolıp esaplanadı. Bular ayrıqsha fizikalıq-geografiyalıq sıpatqa iye boladı. Olar jaylasıwı ha`m kelip shıg`ıwı boyınsha o`zinshe ta`biyiy sharayatlarg`a iye. Sonday-aq bular Qaraqalpaqstannın` ulıwma jer maydanının` 1% aymag`ın 2000 km kv jer maydanın iyeleydi.

Qaraqalpaqstannın` del`talıq bo`limindegi pa`seltek tawlar ha`m basqalar ten`iz ornındag`ı a`yyemgi sho`gindi jınıslardı ha`m u`shinshi por da`wirlerdin` qumlıqları menen ılaylarında payda bolg`an sur-qon`ır ren`li topıraqlar menen qaplang`an. Bull aymaqtın` onı qorshap atırg`an allyuvial tegisliklerge qarag`anda ba`lentlew bolıp keliwi ja`ne onın` betinin` jıralar ha`m saylar menen tilkimlenip qalg`anlıg`ı bul jerlerdi qoldan suwg`arıw jolı menen paydalanıwg`a imkaniyat bermeydi. Sonlıqtan bull jerler xojalıqta tek jaylaw retinde paydalanıladı.

İlimpazlardın` ko`rsetiwine qarag`anda ha`zirgi waqıtta A`miwda`r`yanın` to`meninde ha`m onın` eski salalarında yamasa A`miwda`r`yanın` del`tası rayonı aymag`ında ba`lentlik to`beshiklerdin` 20 dan aslamı anıqlandı. Qaraqalpaqstannın` aymag`ındag`ı ba`lentlik to`beshik, kishigirim pa`skeltek tawlardın` jaylasıwı yamasa taralıwı birgelikli yamasa ha`r qıylı boladı. Mısalı: Bel`taw ba`lentligi A`miwda`r`ya del`tasının` shıg`ıs shetinde, al batısraqta A`miwda`r`ya ta`repinde Qusnataw ba`lentligi ha`m Qubla shıg`ıstan, qubla batısqa sozılıp, qublada Sultan Wa`yis tawı jaylasqan. Qaraqalpaqstan Qızılqumnın` qubla yarımının` bir bo`limin Sultan Wa`yis tawı iyelep, ol qubla shıg`ıstag`ı A`miwda`r`yanın` eski del`tasınan baslap ha`m shıg`ıstan batısqa burıng`ı Xojako`l ornına deyin jin`ishke jolaq penen tartılıp jaylasqan. Sultan Wa`yis tawı ha`m og`an jalg`asıp jatırg`an biyiklik A`miwda`r`yanın` on` jag`asında (To`rtqu`l menen No`kis qalasının` aralıg`ında) eni 10-15 km bolıp, uzınlıg`ı 40 kmge shekem sozılıp jatır. Onın`

absolyut biyikligi 485 metrge jetedi. Sultan Wa`yis tawının` ulıwma jer maydanı 7000 kv km ge ten`. Sultan Wa`yis tawının` batıs bo`limi bir-birinen ajıralg`an bir qansha to`beliklerge (Sheyixpa`li, Qoyanshıq, Za`ngi-baba, Jumısrtaw) bo`linip ketedi.

A`debiya mag`lıwmatlarg`a qarag`anda Nurataw ha`m Sultan Wa`yis ha`m olardın` aralıg`ında biyiklikler Tyan`-Shannan batısqa ken` bag`darda jaylasqan a`yemgi polezoy taw jınısının` qaldıg`ı bolıp esaplanadı.

Sultan Wa`yis tawına orografiyalıq o`zgesheliklerinin` biri, N.A.Kogandtın` ko`rsetkenindey aq (1957) onın` janbawırlarının` essimetriyalıq (janbawırdın` bir jag`ı jatıq, ekinshi jag`ı tik jar bolıwı) dizimi bolıp tabıladı.

Sultan Wa`yis tawının` qubla janbawırı tik jar, al arqa janbawırı jaypawıt, Bull janbawır menen to`mengi tegisliktin` shegarası sezilmeydi.

Bull taw qırının` shıg`ıs penen batıstag`ı shetleri o`z aldına basqasha bolıp keledi. Bul jaqlarında taw janbawırları a`dewir tik jarlanıp ha`m biyik tis-tis to`belerge iye bolıp, arqag`a qaray qulap turadı. Taw qırının` tik jarlı janbawırı onın` basqa janbawırlarınan o`zgeshe kesesine de, uzınına da bir neshe saylar menen tilkimlengen.

Bull saylar Aqshada`r`yanın` allyuvallıq tegisligine ha`m ha`zirgi A`miwda`r`yanın` oypatına qaray bag`darlang`an. Bull rayonnın` tiykarg`ı suw deregi 6-60 m teren`likte jaylasqan jer astı suwı.

Klimatı keskin kontinentallıq klimat, jazı ıssı ($+45^0$) ha`m qısı suwıq ($-40^0$) bolıp. 2,3a`wsimlik ha`m ta`wlikli temperaturası birdan yamasa tez o`zgermeli qa`siyetke iye boladı.

Jıl boylıq ıg`allıqtın` mug`darı 80-110 mm ge shekem jetedi.

Sultan Wa`yis tawı ha`m barlıq lentlikler to`beshikler sho`listan zonasında jaylasıp, bull jerler tiykarınan az gumuslı sur-qon`ır ren`li ha`m az gumuslı qumlı sho`listan topıraqtan turadı. Sur qon`ır topıraqlar Sultan-Wa`yis taının` a`tiraplarında ha`m onnan da basqa bir qatar qaldıq

ba`lentlik-to`beshiklerde payda bolg`an. Al qumlı topıraqlar yarım bekinisken ko`shpeli espe qumlarda ushırasadı.

Mexanikalıq quramı boyınsha sazlı-qumlı topıraq ha`m mayda shag`al taslı topıraq bolıp bo`linedi. Sultan-Wa`yis shag`al taslı topıraq bolıp bo`linedi. Sultan-Wa`yis tawının` batısı A`miwda`r`ya menen shegaralanıp, ol jerler ha`zirgi del`tanın` joqarı gumuslı batpaqlı otaqlı topıraqlarınan ibarat. Sultan-Wa`yis tawının` aymag`ında tiykarınan Boyalısh ha`m Boyalıshtı putalı o`simlikler o`sedi. Bull ka`rada Boyalıshnan basqa keyrewik, boyalısh, terisken, gewrek, selew, urıqtın` bir tu`ri ha`m taw ju`zgini o`simliklerdin` baslı wa`killeri bolıp tabıladı. Sonday-aq B.Sherbaevtın` (1978). Qaraqalpaqstannın` ba`lentlik to`beshik ham kishigirim pa`skeltek tawlarının` o`simlikler du`n`yası degen kitabında Sultan-Wa`yis tawında 444 tu`r o`simlik o`sip, olar 226 tuwıstan 51 tuxımlastan ibarat dep ko`rsetedi.

Qaraqalpaqstannın` ba`lentlik to`beshik ha`m kishigirim pa`skeltek tawlarında tiykarg`ı en` bahalı ot-sho`plik o`simlikleri, juwsan ju`zgin ha`m ju`zginnin` tu`rleri, aq seksewil, cherkez, qoyan su`yrek, qızılsha, astragal, sasıq gewirek, keyrewik, boyalısh, selew, ren`, ebelek, ayg`ırjal, bu`rgin, efemer ha`m efemeroid o`simlikleri o`sip, bular jıldın` barlıq ma`wsimlerinde de jaylaw ha`m ot-sho`p ushın paydalanıladı. Sonın` menen birge o`simlikler bular ha`r qıylı o`simlikler assotsiatsiyasın ha`m formatsiyasın du`ziwge qatnasıp, usı rayonda jıldın` barlıq ma`wsimlernde tiykarg`ı ta`biyiy jaylawlar bolıp esaplanadı.

## 2. JU`ZGİNLER TUWRISIN İZERTLEW BOYINShA MAG`LIWMATLAR.

E.P.Korovinnin` (1961) mag`lıwmatına qarag`anda ju`zginler Turan oypatlıg`ında ha`m Arqa Qazaxstannın` sho`l zonalarında ko`plep o`sedi. Qazaxstan ju`zginnin` tarqalıwı boyınsha en` aldın`g`a qatardag`ı ma`mleketlerden biri bolıp onda Qazaxstan o`simliginin` anıqlag`ıshı (1969) boyınsha 87 tu`r ju`zgin o`sedi.

E.P.Korovin Orta Aziya ha`m Qazaxstan jag`dayında 87 tu`r ju`zgin o`sedi.

L.E.Rodin (1963) Batıs Tu`rkmenstanda 50 tu`r ju`zgindi keltiredi.

O`zbekistan florasının` 2 tomında Drobov 74 tu`rli ju`zgindi keltiredi. Qaraqalpaqstan territoriyasında U.To`remuratov 32 tu`rli sonnan arqa Batıs Qızılqumda 26 tu`r bar dep ko`rsetedi. Orta Aziya o`simlikler anıqlag`ıshında (2 tom 1971) ju`zginnin` 34 tu`ri keltirilgen. Joqarıda ko`rsetilgenindey ju`zgin tu`rlerinin` sanı boyınsha mag`lıwmatlar ha`r qıylı. Bul olardın` ta`biyiy o`siw jag`daylarındag`ı bir neshe tu`rlerdin` qosılıp o`sip ha`r tu`rli ko`riniste bolatug`ının ko`rsetedi.

Bizin` jag`dayımızda ju`zginlerdin` o`setug`ın xarakterli jerleri barxanlı u`yilgen qumlar ha`m uyashalı qumlar eski da`r`ya orınları, taqırlar ha`m qumlı bos jerlerde o`sedi.

Ju`zginler bir tegis u`lken bolıp o`sken maydanlardı payda etpeydi. Al ha`r jer ha`r jerde daq sıyaqlı ju`zginlerdi qumlı orın-larında kishkene-kishkene o`simlikleri tu`rinde ushırasadı. Ju`zgin-likler Bel`taw taw qaldıg`ının` Arqa Batıs ta`repinde Nazarxannın` arqa ta`repinde, Bes To`bede, Qoybaq massivinde, Shuqırqaq, Nısan Baymurat, Dobol, Altın qudıq ha`m tag`ı basqa jerlerde ko`plep o`sedi.

Ju`zgin tuwısının` ko`pshilik tu`rleri Aral ten`izinin` a`tirapında a`sirese Aqbetkey, Ayırsha, Baybishe Mergen ataw taylaq jegen, uyalı h. t. b. massivlerinde ko`birek ushırasadı.

Ju`zginler bir o`simlikler qatlamında bir neshe tu`rlisi ushırasadı.

Bılayınsha Qaraqalpaqstanda olardın` barlıg`ı uqsas bolıp seziledi. Biraq olardı dıqqat menen u`yrenip qarasaq boyı shaqalanıwı, miywesinin` du`zilisi ha`r qıylı formada boladı. Bir tu`r o`simliktin` o`zinde de mısalı: Calligonum aphilum 10 -15 tu`rli gu`ldi ajratıw mu`mkin. Olardın` tu`rlerinin` arasındag`ı ayırmashılıqlar og`ada ko`p (polimorfnı) organları ushın olardı ajratıw qıyın.

Bul jumıslar teren` izertlewler talap etiledi. Ayırım ilimpazlar ju`zginlerdi forması boyınsha iri ortasha ha`m pa`skeltek boylı ju`zginler dep bo`lip u`yrengen. Rodin (1963), Kuroshkina (1966) ju`zginlerdi jergilikli atlar menen atap ju`zgin, nar ju`zgin ha`m ju`zgin degen atlar menen bo`lip qaraydı.

Ju`zginlerdin` tamır sisteması jaqsı rawajlang`an bas tamır qaptal ta`repke qaray ku`shli shakalang`an ha`m 8 – 12m ge shekem qaptal ta`repke o`se aladı. (1-2 su`wret) Tamırları propki ta`rizli qabıq penen qaplang`an, bul qa`siyet olardı ıssıdan ha`m qurg`aqshılıqtan saqlaydı. Olardın` tamır maydanındag`ı qumlardı samal ushırıp alıp ketken jag`dayda ashılg`an tamırlardan jan`a jas shaqalar ko`geriw qa`siyetine iye.

Ko`pshilik put ta`rizli ju`zgin formaları ko`p shaqalang`an bolsa, al ag`ash ta`rizli ju`zgin formaları bir o`reli bolıp keledi. Ju`zginnin` buwınlarınan ha`m tu`rli mu`yesh jasap o`setug`ın shaqaları olarg`a xarakterli formanı beredi. Olardın` ko`p jıllıq shaqalarının` buwın-larınan sho`p ta`rizli kishkenen shakalar o`sip olar u`sh tu`rli boladı.




**1-su`wret. C. aphyllum (Pall) Gurke.** Tamır sistemasının`

a) – to`beden ko`rinisi,

b) – arqa tu`slik ta`repke, qaptalg`a ha`m teren`likke o`siwi,

v) – shıg`ıs batıs ta`repke qaptılg`a o`siwi.




**2-suu`wret. C. densum Borsrcr nın` tamır sisteması.**

a) – to`beden ko`rinisi,

b) – batıs ta`repten teren`ge ha`m qaptalg`a o`siwi,

v) – arqa-batıs ta`repke teren`ge ha`m qaptalg`a o`siwi

Generativ, o`siwshi ha`m assimiliyatsiyalıq shaqalar.

Assimiliyatsiyalıq shaqalar o`zinin` razmeri jag`ınan anna ekewinen uzınlarq boladı. Japıraqtın` xızmetin atkaradı. Bizin` jag`dayımızdı ju`zgin erte ba`ha`rde o`siwshi o`simlikler qatarına kirip Colligonum aphilum bizin` uchastkamızda 4- aprel`de o`sip 16 – may ku`ni gu`lleydi.

Miywelerinin` pisiwi ha`m to`giliwi 5 iyun`de baqlanadı. Bul da`wirde assimiliyatsiyalıq shaqalardın` tolıq to`giliwi baqlanadı al, o`siwshi shaqaları Kesh gu`zge shekem saqlanıp qaladı. Ju`zgin ko`binese tuxımı arqalı ko`beyedi.

Aral a`tirapındag`ı Qızıl qum florasın u`yrengen Saparniyazovtın` (1983) mag`lıwmatına qarag`anda ju`zginzarlıqlarda ko`p tu`rli o`simlik o`s-kenligi olardın` 61 tuwısqa ha`m 26 semeystvog`a kiretug`ınlıg`ın ko`rsetti.

Ten`iz jag`aları rayonlarında ju`zginli birlespelerde 55 tu`r, Qarabaylı arxipoligindegi atawlarda 69 tu`r, Bel`taw taw qaldıqları-nın` to`beshiklerinde 47 tu`r, Jan`a da`r`ya an`g`arlarında 28 tu`r o`skenligin ko`rsetedi.

Aral a`tirapında Qızıl qum eteklerinde ju`zginler formasının` 9 assosatsiyasın keltiredi, bundag`ı qosılıp o`sken o`simlikler 57 tu`rden ibarat bolıp japıraqsız ju`zgin formatsiyaları, ten`iz jag`alawlarında Qarabaylı ha`m Bel`taw massivlerinde ko`birek ushırasadı.

1) Formatsiya Colligoneto aphilli 1 assotsiatsiya 57 tu`rli o`simlik bar.

2) Formatsiya Cacanthopteri 4 assotsiatsiya 45 tu`rli o`simlik bar.

3) Formatsiya C. Leucocladi 6 assotsiatsiya 43 tu`rli o`simlik bar.

4) Formatsiya C. Densi 4 assotsiatsiya 46 tu`rli o`simlik bar.

5) Formatsiya S caput medusoe 8 assotsiatsiya 54 tu`rli o`simlik bar.

## 3. JU`ZGİNLER TUWISININ` SİSTEMATİKASI.

Ju`zginler grechixa gu`ller tuqımlasına kiretug`ın paqalının`, shaqasının`, japıraqlarının`, gu`linin` ha`m miywesinin` du`zilisi boyınsha ju`da` ko`p o`zgesheliklerge iye polimorflı tu`rler bolıp esaplanadı. A`sirese olardın` tuxımının` morfologiyalıq du`zilisi ha`m qıylı du`zilgenligi sebepli olarda usı belgileri boyınsha bir-birinen ajıratıw mu`mkin.

Qaraqalpaqstannın` joqarı da`rejeli o`simlikler anıqlag`ıshında Bondorenko (1964) 32 tu`rli ju`zgindi keltirip o`tedi. Solardan 27 tu`rli qızılqumnın` Aral a`tirapında o`sedi.

Orta Aziyada M.N.Nabievtın` (1971) mag`lıwmatına qarag`anda 45 tu`rli ju`zgin o`sedi. Solardan 24 tu`ri Qaraqalpaqstanda o`sedi.

Miywesinin` du`zilisi boyınsha ju`zginler tuqımlası 4 sektsiyag`a bo`linedi.

1 – sektsiya COLLIPHYSA ENDL tu`kli miywesi - o`tkeriwshi plenka qabıq penen qaplang`an bug`an jalg`ız tu`r – COLLIGONUM DENSUM kiredi.

2 – sektsiya EUCALLIGONUM BORSRCR – miyweleri tek tu`ksheleri menen qaplang`an.

3 – sektsiya PTERYGOBASIS BORSRCR – Qanatlı tu`ksheli miywe-liler.

4 – sektsiya PTEROCOCCUS (POLL) ENDE – Tek qanatlı miyweler.

U.To`remuratovtın` (1978) mag`lıwmatına qarag`anda Qaraqalpaqs-tannın` Qızıl qum bo`liminde to`medegi atı keltirilgen ju`zginler ko`rsetilgen.

**U.To`remuratovtın` (1978) mag`lıwmatı boyınsha Qaraqalpaqstannın` Qızıl qum bo`liminde o`setug`ın ju`zginler.**

| № | O`simlik atı | Jasaw formaları ha`m a`hmiyeti | O`setug`ın topıraq | Tarqalıw arealı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | ***CALLIGONUM ACANTHOPTERUM BORSRCR*** – tiken qanatlı ju`zgin | Ag`ash deneli ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 2 | ***C.ALATIFORME PAVL*** – juqa qanat sıyaqlı ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı ha`m gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 3 | ***CALATUM LITY*** – juqa qanantlı ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 4 | ***C.ARBORESCENS*** – ag`ash ta`rizli ju`zgin | Ag`ash ta`rizli ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 5 | ***C.APHYLLUM (POLL)*** – japıraqsız ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Evr. ch.kavk Orta Aziya |
| 6 | ***C.ARALENSE BORSRCS*** – aral ju`zgini | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 7 | ***C.BATIOLA LITY*** – kese ta`rizli ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 8 | ***C.BORSRCOWII LITY*** – Borshova ju`zgini | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 9 | ***C.CAPUT MEDUSAL SCHRENK*** – Meduza baslı ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 10 | ***C.COLUBRINUM BORSRCR*** – Jılan ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 11 | ***DENSUM BORSRCR*** – Tu`kli ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 12 | ***C.DUBJANSKYI LITY*** – Dubyanskiy ju`zgini | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 13 | ***C.ELATUM LITY*** – Biyik (nar) ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 14 | ***C.ELEGANS DROB*** - Ta`nqalarlıq ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 15 | ***C.ERIOPODUM BUNGE*** – Ju`n sıyaqlı ju`zgin | Ag`ash ta`rizli ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 16 | ***C.JUNCEUM*** – Qabırshaq miyweli ju`zgin | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Zap. sib Orta Aziya Mong |
| 17 | ***C.LEUCOCLADUM*** – Qabıqlı ju`zgin | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 18 | ***C.LIPSKYI LITY*** – Lipskiy ju`zgini | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 19 | ***C.LITVINONI DROB*** - Litvinov ju`zgini | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 20 | ***C.MACROCARPUM BORSRCR*** – İri miyweli ju`zgin | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 21 | ***C.MEMBRANACEUM*** – Qabıqlı | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | ju`zgin | | | |
| 22 | ***C.MICROCARPUM BORSRCR*** – Mayda miyweli ju`zgin | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 23 | ***C.MATTEIANUM*** – *Matey* ju`zgini | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 24 | ***C.MUREX BUNGE*** – *Suw o`giz* ju`zgin | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 25 | ***C.OBTUSUM LITY*** – *Topır kanatlı* ju`zgin | Puta ot jem | Gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 26 | ***C.PALETRKIANUM LITY*** – Poletskiy ju`zgini | Puta ot jem | Qumlı ha`m gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 27 | ***C.PATENS LITY*** – En`keygen ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı ha`m gipsli sho`l | Orta Aziyada |
| 28 | ***C.PLATGACANT HUM BORSRCR*** – Jalpaq tu`kli ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 29 | ***C.GADRALPTORUM KOROV*** - Kavadrat qanatlı ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 30 | ***C.RIGIDUM LITY*** – Qattı qanatlı ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 31 | ***C.ROTULA BORSRCR*** - Do`n`gelek ta`rizli ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 32 | ***C.RUBENS ANS MATTEI*** – Qızg`ısh ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 33 | ***C.SETOSUM LITY*** – Tu`kli ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 34 | ***C.SMIRNOVII DROB*** – Smirnova ju`zgini | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 35 | ***C.SQUARROSUM PAVE*** – Topır ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |
| 36 | ***C.TETRAPTERUM JAUB*** - To`rt qanatlı ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada İran Balk-Moloaz |
| 37 | ***C.UNDULATUM LITY*** – Tolqın qanatlı ju`zgin | Puta ot jem | Qumlı sho`l | Orta Aziyada |

## 4. ARQA-BATIS QIZILQUMDAG`I TİYKARG`I EDİFİKATOR JU`ZGİNLERDİN` BİOMORFOLOGİYaLIQ O`ZGEShELİGİ.

Qumlarda grechixa gu`lliler tuqımlasına kiretug`ın ju`zgin tuwısının` ju`da` qızıqlı ha`m tu`rli tu`rleri o`sedi. Bul tuwıstın` Orta Aziyada 45 tu`rden aslamı bolıp, sonnan Qaraqalpastada 28 tu`rge jaqını ushırasadı. Barlıq tu`rler jergilikli xalıq ta`repinen jokarı koloriyalı otın qoy ha`m tu`yelerge ot-sho`p ushın paydalanıladı. Olardı qurılısta kishigirim jumıslarg`a material esabında paydalanıwg`a boladı. Bulardan basqa ko`k-jasıl shaqalarında 11% ge deyin joqarı sapalı boyawshı zatlar boladı.

Ju`zginnin` barlıq tu`rlerin dekarativ o`simlikler retinde kollanıwg`a boladı. A`sirese bul maksetler ushın nar ju`zgin (ju`zgin golova meduza) u`lken qızıg`ıwshılıq tuwdıradı. Ko`klemzarlastırıw jumıslarında tog`aylardın` eteklerine, parklerge, skverge, o`z aldına gruppa-gruppa tu`rinde yamasa ayırım ag`ashların o`z aldına otırg`ızıw ju`da` perspektivalı. Bulardan basqa ju`zginler en` jaqsı pal alıw ushın niktar beriwshi o`simlik.

To`mende xojalıq jaqtan a`hmiyetli tu`rlerdin` bir qanshasında toqtap o`temiz.

### Nar ju`zgin (ju`zgin golova meduzı)

Biyikligi 1,5 – 3,5 m ge shekem jetetug`ın iri puta deneli o`simlik. Tu`bi ko`binee shashırandı halında gezlesedi. U`lken shaqalarının` qabıg`ı ashıq-sur yamasa qızg`ısh tu`ste.

Japıraqlarının` uzınlıg`ı 4,0 mm tsilindr ta`rizli. Gu`lleri ha`r qıylı ren`de kos jınıslı, japıraqlarının` qoltıg`ına 1 - 2 den ornalasqan, bir qansha iri, diametri 8,5 mm. Miyweleri ken` ma`yek yamasa shar ta`rizli, 20 – 30 mm diametrde, sarı yamasa qızıl tu`ste. Aprel` mayda gu`lleydi, may – iyunde pisedi. Ju`zginnin` bul tu`ri Qaraqalpaqstanda ko`p tarqalg`an bolıp, Qızılqum ha`m A`miwda`r`yanın` alabları menen del`tasının` qtsmlarında o`sedi. Qumlı

rayonlarda otın retinde tuqısı ha`m qa`lemshesi menen an`sat ko`geretug`ını sebepli espe qumlarda toqtatıw ushın paydalanıladı. Shar ta`rizli miyweleri pisken waqıtta ju`da` dekorativ bolıp ko`rinedi. Jaqsı ot-jemlik ha`m alkoloid beriwshi o`simlik.

**Aq ju`zgin (ju`zgin belokorıy)**

Biyikligi 0,5 – 2,0 m ge shekem jetetug`ın paqalı ku`shli shaqalang`an puta o`simlik. Ko`p jıllıq paqalının` qabıg`ı aq ren`de boladı. Bir jıllıq shaqaları ashıq ko`k ren`de japıraqları tsilindr ta`rizli 2,5 – 3,0 mm uzınlıqta. Gu`lleri aq yamasa aqshıl-qızg`ısh tu`ste. Miywesi sopaq g`ozasha kelip jumsaq qanatlı, kanatlarının` sheti juqa, a`zzi ha`m siyrek mayda tis ta`rizli. Miywesi aqshıl-sarı ren`de. Ak ju`zgin Qaraqalpaqstan Qızılqumnın` qumlarında o`sedi. Tuqımı ha`m qa`lemsheleri menen an`sat ko`beyedi.

Gu`llew ha`m miyweleu da`wirinde ju`da` dekorativ. Qumlardı bekkemlewde qumlı topıraqlarda janlı qoralar jasawda qollanıladı, parkler menen bag`larda gruppa tu`rinde otırg`ızıw ushın kollanıwg`a boladı.

**Qızıl ju`zgin (ju`zgin bezlistnıy)**

0,5 – 1,5 m biyiklikke jetetug`ın puta o`simlik. Qızıl ju`zgin morfologiyalıq belgileri boyınsha basqa ju`zgin tu`rlerine ju`da` jaqın.

Ko`p jıllıq paqalı qon`ır-qızıl ren`de bolıp, bir-neshe tu`yinlerge bo`linedi. Usı paqalıdın` ha`r bir tu`yininen 2 – 6 g`a shekemgi bir buwat formada ko`k ren`de jas shakalar o`sip shıg`adı. Japıraqları yarım shen`ber sıyaqlı, uzınlıg`ı 3,5 mm boladı. Gu`lleri qızg`ılt-aqshıl ren`de miyweleri shar formasında qanatlı bolıp, diametri 1 – 1,5 sm. Tuxımı arqalı ko`beyedi. Jaqsı iylew zatların tutadı, pisken miyweleri 5 – 7% iylew zatların tutadı, japıraqlarında, shakalarında tannid zatı bar.

Mallarg`a jaqsı ot jemlik o`simlik qumlardı bekkemlewge Jane otın ushın medonos o`simlik bolıp tabıladı.

**Ju`zgin (ju`zgin sherstistonogiy)**

Ag`ash ta`rizli puta o`simlik Aral a`tirapının` Qızılkumlarında 6 m biyiklikke shekem jetedi. İri bag`anası ken` turıqqa iye bolıp ag`ashlardan formasın esletedi.

Bag`anasının` ha`m ko`p jıllıq shaqalarının` qabıg`ı qızg`ısh ren`de, jas o`simliklerinde aqshıl-sur tu`ste bolıp, keyin qızg`ılt ren`ge o`tedi.

Japıraqları tar lantset tarizli, geyde shar ta`rizli, tu`kli 3,6 mm uzınlıqta. Gu`lleri japıraq qoltıg`ına jaylasqan, 1-2, aq ren`de, diametri 6 mm. Atalıg`ı-19, gu`l ayaqshaları kısqa, qalın` tu`kli.

Miyweleri uzınsha sopaq, biraq qanatları menen birlikte shar tarizli formag`a iye, diametri 40 mm ge jetedi. Qanatlarda 6-8 qatarg`a jaylasqan, jin`ishke iyilgen, 10-15 mm uzınlıqta aprel` – mayda gu`lleydi, iyun` – iyul`de miyweleydi.

Qumlı jerlerde o`sedi. Aral a`tirapı A`miwda`r`yanın` qumlarında ushırasadı. Tuxım ha`m qa`lemshesi arqalı jaqsı ko`beyedi. Dekarativ medanos ot-sho`plik ha`m qumlardı jaqsı bekkemlewshi o`simlik.

Ju`zgin (ju`zgin gusoshetinkovıy) 1,5 – 2,8 m biyiklikke shekemgi puta. Ju`zginnin` bul tu`rinen ken` tarqalg`an tu`pke iye ha`m ko`p mug`darda ag`ashlang`an shaqaları bar. Ko`p jıllıq shaqalarının` qabıg`ı aqshıl sur, jas shakalarında surlaw jasıl ren`de.

Japıraqları ensiz. lantset tarizli, o`tkir ushlı. 3,5 mm uzınlıqta.

Gu`lleri aq ha`m a`kshıl-qızg`ılt ren`de diametri 5 mm.

Miyweleri shar tarizli, qanatları qattı ushlı bolıp, ren`i qızg`ılt qon`ır, uzınlıg`ı 13 – 15 mm, eni 10 – 15 mm. May ayında gu`lleydi, may-iyun` aylarında miyweleri pisedi. Ot-sho`plik medonos, iylewshi ha`m alkoloid beriwshi o`simlik. Sulıw dekarativ sonlıktan qumlı jerlerge egiwge boladı. Qumlardı bekkemlewde ha`m otın ushın qollanıladı.

Ju`zgin (ju`zgin) bul tuwıstın` tu`rleri “Qızıl kitapqı” kirgizilgen. Tuwıstın` tu`rleri tirishilik formalarının` ha`r qıylı tiplerinde ag`ash ha`m putalar tu`rinde gezlesedi. O`zlerinin` kelip shıg`ıuı boyınsha tiykarınan a`yemgi jer orta ten`izi bolıp, olardan ko`p mug`dardag`ı tu`rleri Orta Aziya sho`lleri – Qaraqum ha`m Qızılqumnın` ken` maydanlarında tarqalg`an.

Tuwıs u`lken polimorfizmliligi menen ayırılıp sistematikalıq biologiyalıq ha`m ekologiyalıq jaqtan ele jaqsı izertlenbegen. Son`g`ı mag`lıwmatlarg`a baylanıslı (Korovina ha`m t.b. 1982) Qaraqalpaqstan ha`m Xorezmde ju`zgin tuuısının` 23 tu`ri esapqa alıng`an. Ju`zginler u`lken xojalıq a`hmiyetine iye. Jasıl shakaların mallar jaqsı jeydi, boyawshı zatlardı tutadı, qurılıs materialı retinde qollanıladı, jaqsı nektar beriwshi o`simlik bolıp tabıladı.

**Aral ju`zgini (Aral`skiy Djuzgun)**

Qaraqalpaqstanda joq bolıp ketiw mu`mkinshiligi bar tu`r. Eski shaqalarının` qabıg`ı aqshıl yamasa sur ren`degi puta o`simligi. Miywelerinde gu`l qorg`anı jazınqı. Miyuesi sopaqtan kelip, uzınlıg`ı 10 13 mm, eni 8 – 10 mm ge jetedi. Qanatları jumsaq shetleri mayda tisli, g`ozashası 90° qa tawlang`an. Mayda gu`lleydi, iyun`de miyweleri pisedi.

Orta Aziyanın` arqa shollerinin` (Aral atirapı) endemi. Qaraqalpaqstanda Arqa Batıs Qızılqumnın` qumlarında ha`m paskeltek taularında (Sultanwa`yis taw) o`sedi.

Qaraqalpaqstanda siyrek ushırasatug`ın tu`r. Puta. Eski sha`kalarının qabıg`ı qızg`ılt qon`ır rendegi puta o`simlik. Miyesi su`yir sopaq, uzınlıg`ı 15 – 20 mm, eni 13 – 18 mm. Qanatları qattı. Sarg`ısh rnde, jalpaq yamasa sopaq keledi, qanatlarının` shetleri to`mennen jaqınlasqan yamasa az kem ajrasqan. G`ozashası 90° qa tawlang`an. Mayda gu`lleydi. iyun`de miywesi pisedi.

Orta Aziyanın` arqa sho`llerinin` endemi bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstanda U`stiritte tarqalıp to`beshik qumlarda, pa`skeltek tawlarda o`sedi.

**Elek ju`zgin (Djuzgun Sitnikovıy)**

Qaraqalpaqstanda siyrek ushırasatug`ın tu`r. Biyikligi 1 m ge shekem jetetug`ın turqı yarımshar ta`rizli putasha. Paqalının` qabıg`ı qon`ır yamasa sur ren`de. Gu`lleri az sanda mayda, aq ren`de. Miywesi do`n`gelek yamasa sopaq, torsıldaq tarizli, g`ozashası juqa plenka astında ornalasqan. İyul`de miyweleri pisedi.

Ju`zginler tuwısının` tiykarın salıwshı, a`iyemgi jer Orta ten`izi kserodshı florasının` pleystotsen relikti bolg`an elek ju`zgin Aziyanın` qumlıq sho`llerinde rauajlanıuı muzlıq da`uirinen keyin (muzlıq a`wiri aralıg`ında) payda bolıwı menen baylanıslı (Granitov 1964) bular biyikliktin` gipsli sho`llerinin` (taslı) u`shinshi da`wir jas awshıları.

Tuxımı menen ko`beyedi, vegetatsiyası marttın` aqırı aprel`din` basında baslanadı. G`umshalaw ha`m gu`llewi may ayında baslanıp, miyweleri iyun`de pisedi. Dara tu`rde U`stirttin` jıra aldı polosalarında (Qosbulaq qudıg`ı) ha`m Sultanwa`yis tawda ushırasadı.

**Suw o`giz ju`zgini (Djuzgun Ulitka)**

Qaraqalpaqstanda siyrek ushırasatug`ın tu`r.

Eski shaqalarının` qabıg`ı sur ren`de kelgen puta o`simligi. Miywesi ma`yek ta`rizli uzınlıg`ı 9 – 14 mm, eni 7 – 10 mm, tu`kleri 8 qatarg`a ornalasqan, tog`ız otırın`qı, geybir jerleri jaqın ha`m qosılıp o`sken, tolıq, qattı shaqaları gorizontal` jayılg`an u`shbetindegiler ju`da` qısqa, tikenekli. G`ozashası tuwrı. İyul`de miyweleri pisedi.

Orta Aziya endemi. Qaraqalpaqstanda arqa Batıs Qızılqumnın` to`beshik qumlarında ushırasadı.

**To`rt qanatlı ju`zgin (Djuzgun chetırex krıley)**

Qaraqalpaqstanda siyrek ushırasatug`ın tu`r. Eski shaqalarının` qabıg`ı sarısh sur ren`degi puta. Miywesi shar yamasa ma`yek sıyaqlı, uzınlıı 13 – 15 mm, eni 10 – 12 mm. Qanatı tolıq qattı, u`shmu`yeshli shetleri a`piwayı yamasa

eki u`sh shaqalı tisli, u`sti shetlerine shekem plastinkalı. Shetleri tisli o`simsheli qanatlarının` shetleri uzınına boyına tıg`ız tiyisken.

G`ozashası 90° tawlang`an. İyun`de miyweleri pisedi. İran-Turan endemi. Qaraqalpaqstanda U`stirtte (arqasında) qumlarda ha`m Arqa Batıs Qızılqumda ushırasadı.

**Qandım (Djuzgun sherstistonogiy)**

Qaraqalpakstanda qısqarıp baratug`ın tu`r. 4 m biyiklikke shekemgi bas baganası ju`da` anıq, ag`ash ta`rizli o`simlik. Eski shaqalarının` qabıg`ı qızg`ısh ren`de, jas shaqaları tegis emes, bu`rleri 1 – 2 den otırın`qı. Gu`l ayaqshaları qısqa qalın` tu`kler menen qaplang`an. Gu`l qorg`an japıraqshalarının` uzınlıg`ı 3 mm qızg`ılt, jasıl ren`de.

Miywesi sopaqsha, uzınlıg`ı 25 – 30 mm, eni 20 – 40 mm, tu`ksheleri 6 – 8 katarg`a ornalasqan, jin`ishke tu`p beti bos, g`ozashası 90° qa tawlang`an, plenkası tu`ksheler menen jabılg`an. May iyun`de miyueleri pisedi.

Qızılqum ha`m Qaraqum endemi, haqıyqıy psammofit o`simlik. Arqa batıs Qızılumda, Sultanwa`yis tauda, Bel`tawda tbeshik qumlarda sedi. Bular ha`m Tajiqazg`an saylarda ju`da` sheklengen maydanlarda edifikator bolı tabıladı. (To`remuratov. 1978 jıl)

Burın, ju`nli ayaq ju`zgin ju`da` ken` tarqalg`an. Sho`lde birden-bir qurılıs materialı bolıp tabıladı. Shopanlar ag`ashların jerto`lelerdi bastırıw kudıqlardın` kaptalların bekkemlew ha`m otın ushın paydalang`an. Ag`ashların qurılıs materialları ushın ko`plep tayarlaw bul tu`rdin` o`simliklerinin` azayıwına alıp keledi.

Barlıq ju`zginler ilim ushın ha`m texnikalıq shiyki zat esabında qızıg`ıwshılıq tuwdıradı. Belgili o`siw orınların tolıq qorg`aw ha`m arealın tag`ıda u`yreniu kerek.

**Japıraqsız ju`zgin (C. APHYLLUM)**

Boyı 1 – 2 m. Orta Aziyada Qızılqum Qaraqum Aral a`tirapında tarqalg`an. Aral a`tirapındag`ı Kızılqumda ju`zginler tiykarınan ten`iz jag`alawları rayonlarında 4 assotsiatsiyanı payda etken. Al, Qarabaylı atawları arxipoliginde 2 assotsiatsiyanı ha`m Bel`taw ba`lentliginde 3 assotsiatsiyanı payda etedi. Tu`slik Aral jag`alawlarında ju`zginnin` ko`birek o`setug`ın jerleri biyik espe qumlar ha`m qarınshalı qumlarda gezlesedi. Jan`ada`r`ya rayonında japıraqsız ju`zgin subedifikator sıpatında gezlesedi. Aral atirapı Qızılqumdag`ı ekologiyalıq jag`daylar ıg`allıq faktorı samal topıraqtın` mexanikalıq sostavı temperatura haua ko`pligi jaktılıq ha`m t. b. faktorlar ju`zginnin` qalın`lıg`ına boyının` balentligine o`nimdarlıg`ına ha`m t. b. korsetkishlerine ku`shli ta`sir jasaydı.

Ten`iz atirapı rayonında bul o`simliktin` ortasha ba`lentligi 150 – 180 sm bolsa atawlarda 2m al Jan`ada`r`ya rayonında bul o`simliktin` ortasha ba`lentligi 120 – 130 sm den aspaydı. Japıraqsız ju`zginnin` morfologiyalıq belgileri basqa ba`lent boylı ju`zginlerge uqsas bolıp paqalının` sırtqı qabıg`ı qızg`ısh-qon`ır ren`de boladı.

Jas shaqaları ko`k don`gelek ko`p jıllıq shakalarınan 2 – 6 dana bolıp o`sip shıg`adı.

Qaraqalpaqstanda tiykarg`ı ju`zgindi jaylawlardın` o`nimdarlıg`ı boyınsha islegen ilimpazlardan:

J.Saparniyazovtın` (1993), U.To`remuratovtın` (1978), A.B.Baxiev (1988), ha`m tag`ı basqalardın` toplag`an mag`lıwmatları boyınsha arka Batıs Qızılqumda Qarabaylı ba`lentliginde eski Jan`ada`r`ya rayonlarında tiykarg`ı edifikatorlar sıpatında o`sken ju`zginlerdin` o`nimdarlıg`ın keltirip o`temiz. (tablitsa 2)

Bul jaylawlarda jıldın` barlıq ma`wsiminde awıl xojalıq tarepinen tabiyiy jaylaw sıpatında paydalıwg`a boladı. Olarda ko`binese Qarako`l qoyları,

tu`yeler, jılqılar az mug`darda iri shaqlı qara mallar jetispewshiliginen o`simliklerdin` biologiyalıq o`nimleri to`men boladı, biraq joqarıda keltirilgen mag`lıwmatlarg`a qarag`anda ju`zginli jaylawlardın` ortasha o`nimdarlıg`ı gektarına 3 – 6,2 tsentnerden qurg`aq massa toplang`anlıg`ın ko`remiz. Al Jan`ada`r`ya ha`m Qarabaylı arxipoliginde bul ko`rsetkishler 2,5 – 5 tsentnerden aspaydı. Sebebi 2011 – 2012-jılları jawg`an jawın shashınının` mug`darı ko`p bolıp del`tag`a salıstırg`anda Qızıl qumda ju`zginnin` o`nimdarlıg`ı joqarı boladı.

2-keste

Tiykarg`ı edifikator ju`zgin tu`rlerinin` ortasha
tu`p sanı ha`m o`nimdarlıg`ı

| **Ju`zgin tu`ri** | **Ortasha tu`p sanı** | | **Ortasha ba`lent-ligi sm** | **Ortasha o`nimdarlıq** | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | **1 tu`p o`simlik kg** | | **1 g dan ts.** | |
| | **100 m$^2$ maydanda** | **1 gektar** | | **Ig`al** | **Qurg`aq** | **Ig`al** | **Qurg`aq** |
| **Arqa Batıs Qızılqum** | | | | | | | |
| Calligonum aphyllim | 10 | 100 | 105 | 0,75 | 0,50 | 7,5 | 5,0 |
| S.acanthopterum | 13 | 1300 | 160 | 0,67 | 0,38 | 8,7 | 4,9 |
| S. leucocladum | 11 | 1100 | 125 | 0,63 | 0,40 | 7,0 | 4,4 |
| S. densum | 12 | 1200 | 170 | 0,77 | 0,51 | 9,3 | 6,2 |
| C. caput medusae | 9 | 900 | 165 | 0,74 | 0,44 | 6,6 | 4,1 |
| C. eriopodum | 5 | 500 | 265 | 0,91 | 0,56 | 4,5 | 2,8 |
| **Karabaylı arxipoligindegi atawlar** | | | | | | | |
| Calligonum aphyllum | 8 | 800 | 110 | 0,89 | 0,56 | 7,1 | 4,4 |
| C. acanthopterum | 8 | 800 | 175 | 0,65 | 0,36 | 5,2 | 2,8 |
| C. leucacladum | 7 | 700 | 155 | 0,67 | 1,42 | 4,7 | 2,9 |
| S. densum | 9 | 900 | 185 | 0,76 | 0,50 | 6,8 | 4,4 |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| C. caput medusae | 12 | 1200 | 165 | 0,67 | 0,39 | 8,0 | 4,7 |
| C. eriopodum | 4 | 400 | 285 | 1,00 | 0,59 | 4,0 | 2,3 |
| **Beltaw ba`lentliginde** | | | | | | | |
| Calligonum aphyllum | 12 | 1200 | 105 | 0,70 | 0,44 | 8,4 | 5,2 |
| C. acanthopterum | 10 | 100 | 135 | 0,78 | 0,46 | 7,8 | 4,6 |
| C. leucacladum | 9 | 900 | 100 | 0,70 | 0,40 | 6,3 | 3,6 |
| S. densum | 8 | 800 | 120 | 0,62 | 0,36 | 4,9 | 2,9 |
| C. caput medusae | 6 | 600 | 115 | 0,56 | 0,33 | 3,3 | 2,0 |
| C. eriopodum | 3 | 300 | 205 | 0,91 | 0,58 | 2,9 | 1,7 |
| **Jan`a da`r`ya rayonında** | | | | | | | |
| Calligonum aphyllum | 13 | 1300 | 90 | 0,65 | 0,40 | 8,2 | 5,1 |
| C. acanthopterum | 9 | 900 | 120 | 0,47 | 0,30 | 4,2 | 2,7 |
| C. leucacladum | 10 | 1000 | 85 | 0,71 | 0,42 | 7,1 | 4,2 |
| S. densum | 12 | 1200 | 145 | 0,64 | 0,44 | 7,7 | 5,2 |
| C. caput medusae | 7 | 700 | 105 | 0,54 | 0,33 | 3,6 | 2,3 |
| C. eriopodum | | | | | | | |

## 5. JU`ZGİNNİN` BİOEKOLOGİYaLIQ HA`M FİZİOLOGİYaLIQ O`ZGEShELİGİ.

Universitetinin` oqıw ta`jriybe bazasındag`ı statsionar uchastkada tuxımnan egilgen 10 – 12 jıllıq ju`zginlerdin` o`sip rauajlanıwı ha`m fiziologiyalıq ko`rsetkishlerinen o`simlik denesindegi ulıwma suwdın` mug`darı ha`m transpiratsiya tezligi u`yrenildi. O`simliklerdin` o`siw dinamikası ha`r 10 ku`nnen a`piwayı millimetrli sızg`ısh ja`rdeminde o`lshedi.

Rawajlanıw fazaları Beydeman (1964) ta`repinen usınılg`an metodika boyınsha anıqlandı. 2010-jılı 4-noyabr` ku`ni sol statsionar uchastkag`a 6 tu`rli ju`zginnin` tuxımın ektim. O`simlik denesindegi ulıwma suwdın` mug`darı gravametricheskiy usılında ızg`ar ha`m qurg`aq salmaq ayırması boyınsha anıqlandı. Ju`zginnin` transpiratsiya tezligi İvanov (1950) ta`repinen usınılg`an tarzion ta`rezide tez o`lshew usılı menen anıklandı. Ta`jriybe ju`rgiziw ushın gu`zdegi egilgen tuxımlardan 2011-jılı 8-aprel`de da`slepki na`ller ko`gerip shıqtı. Bul egilgen tuxımlardın` ulıwma ko`geriwshen`ligi 18 – 20% a`tirapında boldı. Tuxımnan egilgen ju`zginlerdin` boyı may ayının` ortalarına kelip 15 – 20 sm boldı. (3-keste).

**3-keste.**

***Ju`zgin na`lshelerinen birinshi jılı biyiklikke o`siwi.***

| Ju`zgin tu`rleri | Aprel | May | İyun | İyul | Avgust |
|---|---|---|---|---|---|
| Calligonum aphyllim | 3-4 | 10-12 | 15-17 | 20-22 | 25-28 |
| S.acanthopterum | 3-5 | 10-12 | 15-16 | 25-26 | 25-30 |
| S. leucocladum | 3-5 | 10-12 | 18-20 | 20-22 | 35-40 |
| S. Densum | 3-7 | 15-20 | 20-22 | 25-30 | 35-45 |
| C. caput medusae | 3-5 | 10-18 | 14-16 | 18-20 | 45-50 |
| C. eriopodum | 5-6 | 13-15 | 20-25 | 25-30 | 45-50 |

Olardın` ishinde ba`lent o`skenleri C. densum, C. caput medusae 30 sm ge jetti. C. aphyllum ha`m C. Lencoclodum nınn` boyı 20 sm atirapında boldı.

Uchastkadag`ı bir jıllıq baqlaw jasag`an ju`zginlerden sentyabr` ayında en` ba`lent o`skeni.  Geriopodum 50 gsm ge shekem jetti. Son` C. Acoonthopterum. En` pa`s boylısı C. aphyllum bolıp 35 sm ba`lentlikke o`sti. (1-2 grafik)

Ko`p jıllıq ju`zginlerden S. caput medusae marttın` ortasında vegetatsiyası baslandı. Aprel`din` baslarında g`umshaladı. Aprel`din` 15 lerinde gu`llep basladı.




**1-grafik.**

1. Calligonum acanthopterium,
2. C. densum,
3. C. caput medusal.




**2-grafik.**

1. Calligonum aphillum,
2. C. leucocladum,
3. C. eriopodium.

Tuxımlanıw fazası maydın` ortalarında ha`m tuxımnın` pisiwi iyun`nın` 2 yarımında baqlandı. (4-keste). Vegetatsiya da`wiri oktyabrde tamamlandı. S. aphyllum tu`rinin` rawajlanıw fazasında joqarıda ko`rsetilgen S.caput medusae ju`zgininen gu`llew fazasının` bir ha`pte burın keliwi menen parq qıladı. Ju`zginlerdin` ko`p jıllıq shaqalarınan ha`r jılı bir jıllıq shaqalar o`sip shıg`ıp olardın` to`mengi ta`repi ag`ashlanadı, ayırımları ha`r qıylı uzınlıqta o`sip jıldın` aqırında tu`sip qaladı.

Ju`zginnin` suw rejimi boyınsha fiziologiyalıq ko`rsetkishin izertlegen ilimpazlardan Qazaqstanda Bendarev (1968-1969) Sveshnikova ha`m t.b.

O`simlik denesinde suw zapaslarının` mug`darı ko`p g`ana sırtqı faktorlarg`a hawanın` tempereturasında topıraq ıg`allıg`ına o`simlik japırag`ının` anatomiyalıq du`zilisine baylanıslı boladı.

Transpiratsiya protsessii o`simlik tirishiliginde en` a`hmiyetli orın tutatugın fiziologiyalıq protsess. Transpiratsiya waqtında o`simlik suwdı parlandıradı ha`m o`simliktin` azıqlıq zatlardı topıraqtan sorıpalıwına jag`day jaratadı. O`simlik denesinde organikalıq zatlardın` tasılıwı, o`simlik denesinin` turg`an halın saqlawı. o`simlikin` quyash nurlarınan saqlanıwı yamasa suwınıwı. Ulıwma a`tirapına salqınlıq berip hawanın` salıstırmalı ıg`allıg`ın artırıwı-transpiratsiyanın` ta`sirinen a`melge asırıladı. Transpiratsiya waqtında o`simlik alg`an suwdın` tek 2% g`ana organikalıq zatlardı qurawg`a qatnasadı, al 98% o`simlik denesinen parlanıp ketedi. A`lbette bull o`simliktin` tu`rine o`siw jag`daylarına baylanıslı boladı. Transpiratsiya bull topıraq → o`simliq → atmosfera sistemasında suwdın` ximiyalıq potentsialın ten`lestiriwshi protsess.

O`simliklerdin` tezligine meteorologiyalıq faktorlar tasir jasaydı, biraq bull jag`day tek g`ana topıraqta jetkilikli da`rejede ıg`allıq bolg`an jag`dayda ayqın ko`rinedi.

O`simliklerdin` ha`r qıylı o`siw jag`daylarına baylanıslı olardın` bio-ekologiılq, anatomiyalıq du`zilislerinde bir qansha o`zgerisler ju`z beredi. Sonlıqtan o`siw jag`daylarına baylanıslı o`simliklerdegi transpiratsiya tezligi og`ada o`zgergish boladı. Bizin` jag`dayımızdag`ıday qurg`aq qumlı sho`lde o`setug`ın ju`zgin o`simligi transpiratsiya tezligin pa`seytiw ushın bir qansha anatomiyalıq ha`m fiziologiyalıq jaqtan beyimlesiw belgilerine iye boladı. Mısalı: Kutikula qabatının` bolıwı, japıraqtın` perde menen qaplanıwı japıraqtın` tsilindr ta`rizli bolıwı japıraqtın` ayırım bo`liminin` quwrap tu`siwi h.t.b. Biraq transpiratsiyanın` pa`seyiwi fotosintez protsessin to`menletedi, sebebi ustitsa arqalı atmosferadan o`simlikke $CO_2$ kiredi.

Transpiratsiya o`nimdarlıgı 1-8 gr ortasha 3 gr. 1 kg suwdı parlandırg`anda 3 gr organikalıq zat payda boladı. Koeffitsent transpiratsiya 125-1000 ortasha 300. Transpiratsiya tezligi 1 gr o`simlik 1 saatta parlandırg`an suwdın` mug`darı mg esabında. Bull korsetkish ju`zginde mg/g,s. Ju`zginnin` ku`nlik ha`m sezonlıq transpiratsiya tezligi ha`m denesindegi ulıwma suwdın` mug`darının` o`zgeriwi 5-6 tablitsada keltirilgen. Sho`l zonasında en` baslı transpiratsiya tezligine ta`sir jasawshı faktorlar: topıraq na`mligi. Hawanın` temperaturası, jaqtılıq, samaldın` tezligi, hawanın` salıstırmalı ıg`allıg`ı. Mine bull faktorlardın` ishinde ju`zgin o`simligine temperaturanın` ta`sirin ko`p jıllıq mag`lıwmatlarımızdan analizlep qarasaq ol topıraq na`mligi menen birgelikte tasir jasay bergen.

Sonlıqtan biz ha`r qıylı mug`dardagı topıraq na`mligindegi temperatura ta`sirinen ayırıp alıp qaradıq yag`nıy topıraq 6-8% bolg`an waqıtları Ju`zginnin` transpiratsiya tezliginin` en` ko`p ushırasatugın mug`darı neshe gradus temperaturada bolatugınlıg`ın anıqladıq. Bunda joqarıda keltirilgen topıraq na`mligi waqtındagı barlıq klasstag`ı ushırasqan transpiratsiya tezligin temperatura gradienti boyınsha grafike jaylastırdıq (4-grafik).

**4-keste**

***QMU dın` ta`jiriybe bazasında egilgen nar ju`zginnen tiykarg`ı rawajlanıw fazaları.***

| **Jıl** | **Vegetatsiya baslandı** | **Gu`llew** | | **Miywelew** | | **Pisiw** | | **Vegetatsiya tamam boldı.** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **baslandı** | **tamam-landı** | **baslandı** | **tamam-landı** | **baslandı** | **tamam-landı** | |
| 2011 | 14.III | 13.IV | 12.V | 25.V | 25.VI | 23.VI | 15.VI | Sentyabr` |
| 2012 | 30.III | 20.IV | 18.V | 18.V | 28.V | - | - | |

S. caput medusae ju`zgininde suw mug`darı S. aphyllum g`a salıstırg`anda to`menlep onın` mug`darı may ayında 71,0% boldı. Bul tu`rde suwdın` mug`darın en` ko`p bolg`an waqtı 20-iyul` ku`ni baqlandı ha`m 74,3% boldı. Avgust` ayının` baslarında ulıwma suwdın` mug`darı 65,5% boldı. (3-grafik) Bul ju`zginnin` denesindegi ulıwma suwdın` mug`darının` ba`ha`rden baslap jazg`a qaray ko`beyip gu`zge qaray azayg`alıg`ın ko`rsetedi. Ju`zginnin` transparatsiya tezligi may ayında en` joqarı 883 mg gr/saat boldı. İyun` – iyul` aylarında transpiratsiya tezligi pa`seye basladı ha`m avgust ayına kelip 380 mg gr\saat g`a shekem to`menledi (4-grafik)

Al S. caput medusae de tranpiratsiya tezligi may ayında 700 – 800 mg gr\saat bolıp topıraq ıg`allıg`ının` azayıwı menen transpiratsiya tezligi de iyun`-iyul` aylarında to`menlep 500 – 600 mg gr\saat mug`darında boldı. Al avgust ayında tranpiratsiya ju`da` pa`seydi ha`m 330 mg gr\saat mug`darında boldı. Transpiratsiya tezligi hawanın` temperaturası ko`teriliwi menen ha`m hawanın` salıstırmalı ıg`ıllıg`ının` to`menlewi menen tezlesedi. Bunda samaldın` tezligi hawanın` ashıq yaki bltlı bolıwı o`simliktin` rawajlanıw fazası topıraq ıg`ıllıg`ı transpiratsiya tezligiine u`lken tasir jasaydı. Transpiratsiya protsessii na`tiyjesinde ku`n ıssı waqıtalırı o`simliklerdi kewip ketiwden saqlaydı. O`simliklerde organikalıq zatlardın` payda bolıwı tezlesedi.

**5-keste**

Ju`zginnin` denesindegi ulıwma suwdın` mug`darı % esabında QMUdın` ta`jriybe bazası 2011-jıl

| O`simlik tu`ri | 17-may | 20-iyun` | 15-iyul` | 4-avgust |
|---|---|---|---|---|
| S.aphullum | 76,2 | 80,6 | 74,7 | 68,6 |
| C. caput medusae | 71,0 | 74,3 | 70,2 | 65,5 |

**6-keste**

Ju`zginnin` transpiratsiya tezligi QMU dın` ta`jriybe bazası 2011-jıl mg\g saat esabında.

| O`simlik tu`ri | 17-may | 20-iyun` | 15-iyul` | 4-avgust |
|---|---|---|---|---|
| S.aphullum | 883 | 642 | 430 | 320 |
| C. caput medusae | 708 | 660 | 500 | 330 |

Ha`r bir tu`r ushın qanday mug`darda o`simlik denesinde suw bolg`anda o`simlik o`zinin` barlıq mu`mkinshiliklerin tolıq ju`zege shıg`ara aladı. Usı qa`siyetlerin biliw ushın biz C. aphyllum ha`m C. cfhun medusae ju`zginindegi ulıwma suwdın` mug`darın u`yrendik. S. aphyllum de may ayında ulıwma suwdın` mug`darı 76,2% al iyun` ayında onın` mug`darı 80,6% ke shekem joqarıladı. Jazdın` ekinshi yarımında topıraqtag`ı ıg`allıqtın` azayıwı menen o`simlik denesinde suwdın` mug`darı to`menlep avgust ayında 68,6% boldı. (5-keste).




**3-grafik. Arqa-batıs Qızılqumda 2011-jıl ju`zginnin` denesindegi ulıwma suw mug`darının` o`zgeriwi.**

1 – japıraqsız ju`zgin,

2 – meduza baslı ju`zgin.




**4-grafik. Arqa-Batıs Kızılqumda 2011-jıl**

**ju`zginnin` transpiratsiya tezligi.**

1 – japıraqsız ju`zgin,

2 – meduza baslı ju`zgin.

## 6. JU`ZGINLI JAYLAWLARDAN U`NEMLI PAYDALANIW.

Ju`zginli jaylawlar Sultan Wa`yis tawının` arka ha`m shıg`ıs ta`repindegi taw aldı qumlı tegislik jerlerinde ushırasadı. Assotsiatsiyag`a ta`n belgi sonnan ibarat, ol cherkez ha`m ju`zgin, qoyansu`yekten ibarat bolıp, ken` ko`lemdi iyelep tarqalg`an boladı. Sonday-aq assotsiatsiya en` bahalı azıq-awqat efemer ha`m efeneroid o`simliklerden turadı. O`simliklerdin` jer betin jabıw 50-60% ke ten`.

Assotsiatsiyanın` o`nimdarlıg`ı gektarına 1,5-2,5% boladı. Bul jaylaw tu`rin mallarının` barlıq tu`rlerine paydalanıwg`a boladı.

Bul jaylaw Sultan-Wa`yis tawının` tu`slik ta`repi taw aldı tegisliklerinde ushırasadı. Assotsiatsiyanın` tiykarg`ı o`simlikleri ju`zgin, keyrewik, biyurgun, juwsan ha`m siyreklew qoyan su`yek.

Assotsiatsiya eki qatlamlı. Joqarg`ı qatlam puta o`simliklerinen ha`m to`mengi qatlam boyalısh keyrewik o`simliklerinen turadı. O`simliklerdin` jer betin jabıwı 40-46% ke ten`. Ossotsiatsiyanın` o`nimdarlıg`ı gektarına 1,3-3,0 ts boladı.

Sultan-Wa`yis tawının` qubla ta`repindegi tu`sliklerde, tiykarınan ju`zgin, boyalısh, siyreklew dın`g`ıl o`simlikleri o`sedi. Assotsiatsiya eki qatlamlı. Joqarg`ı qatlam ju`zgin, qoyan su`yek, keyrewik o`simliklerinen turadı. To`mengi qatlamda biyurgun h.t.b. efemerler. O`simliklerdin` jer betin jabıwı 60-65% ke ten`. Assotsiatsiyanın` o`nimdarlıg`ı gektarına 2,0-3,5 ts boladı. Assotsiatsiyanın` jıl dawamında jaylaw ushın paydalanıwg`a boladı. A`sirese jılqılarg`a ha`m qoy-eshkilerge gu`z-qıs aylarında jaylaw retinde paydalanıw na`tiyjeli boladı.

Ju`zginnin` ot-jemlik basqa da`rilik qa`siyetide bar. Xalıq meditsinasında onın` tamırın ha`m paqalın paydalanadı. Paqalı iyul`-avgustta, tamırı oktyabr` noyabr`de jıynaladı.

Ju`zginnin` paqalında, tamırında efir mayı, xolin, adonin. İnulin, shayır, karotin, borneol, smola zatları vitamin A,V,S h.t.b zatlar bar. Ju`zginli jaylawlarda bag`ılg`an mallardın` suwg`a bolg`an talabı kemirek boladı. Sebebi bul jaylawlarda ju`zgin menen otlag`an mallar qattı qalın` may jıynaydı, bull maylar ıdıraw waqtında mallardın` suwg`a bolg`an talabın qanaatlandıradı. Usı jaylawlarda o`sken juwsan o`simliginn` de a`hmiyetli da`rilik qasiyeti bar.

Ko`plegen ellerdin` xalıq meditsinasında juwsandı u`sti kelgen (menstruatsiya) tazalanıw ushın, qoyanshıq keselligin, isteriyanı, nevrasteniyanı, shanshıwdı, tamır awırıwına baylanıslı uyqısızlıqtı emlew ushın, sonday-aq awqattı jaqsı sin`iriwshi da`ri retinde paydalanadı.

Shıg`ıs meditsinasında jerikke (toksikozg`a), nevrologiyag`a, terinin` irin`li awırıwlarına qarsı qollanadı. Tamırınan islengen natoyka hayallardın` u`sti kelmegende, u`sti awırıp kelgende paydalanıladı.

Bunnan da`ri tayarlaw ushın 10 gram qurg`aq juwsan sho`bi bir stakan suwg`a salınadı, qaynatıladı ha`m suwıg`annan keyin su`zip as qasıq penen qunine 3-4 ret ishiledi.




**Ju`zginnin` ulıwma ko`rinisi.**

# O`MİR QA`WİPSİZLİGİ.

## Miynet sharayatın jaratıw, qa`wipsizlikti saqlaw rejeleri ha`m texnikası

Miynetti qorg`aw jumıs protsesinde insannın` miynetke qa`biletin, den-sawlıg`ın ha`m qa`wipsizligi ta`miynlew ushın bag`darlang`an nızamlar jıynag`ı sotsial ekonomikalıq sho`lkemlestiriw texnikalıq, gigienalıq, prafilaktikalıq ilajlar ha`m qurallar bolıp tabıladı. Miynet gigienası ha`m sanaat sanitariyasın sho`lkemlestiriw ilajları ha`m texnikalıq qurallar jıynag`ı bolıp, ka`siplik keselliklerge ha`m za`ha`rleniwge alıp keletug`ın jag`daylardı azaytıw ha`m pu`tkilley joq kılıwg`a qaratılg`an

Miynetkeshlerdin` den-sawlıg`ın qorg`aw, qa`wipsiz jumıs sharayatların jaratıp beriw qa`siplik keseliklerdi ha`m o`ndirislik jarakatlardı joq etiw O`zbekstan Respublikası hu`kimetinin` tiykarg`ı g`amxorlıqlarının` biri bolıp esaplanadı.

Miynet nızamları kodeksinde hayallar miyneti, jaslar miyneti, kollektivlik sha`rtnama, jumıs waqtı jumıs haqı miynetti qorg`aw tarawında qadag`alaw ha`m basqada ma`seleler sho`lkemlestirilgen. Ha`r jılı qa`rxana basqarması menen kollektiv arasında miynet sharayatın jaqsılaw, jumıs haqı, dem alıw waqtı ha`m basqada huqıq ma`seleleri haqqında sha`rtnama du`ziledi.

Kollektiv sha`rtnamasının` orınlawın ka`rxana ka`siplik awqamı adminstratsiya menen bir jılda 2-3 ma`rte tekserip turadı. 1993-jılı O`zbekstan Respublikasında miynetti qorg`aw haqqında nızam qabıl etildi. Onda O`zbekstan puha`raları ha`m shet ellik puha`ralarda miynet iskerligi protsessinde o`mirin ha`m den-sawlıg`ın qorg`aw huqıqına iye delingen. Onda insan o`miri ha`m den-sawlıg`ı o`ndiris na`tiyjelerinen joqarı qoyıladı.

O`zbekstan Respublikasının` ministirler kabinetinin` 7-noyabr` 1994 jılı 58-sanlı qararına tiykarlanıp qa`rxanalarda miynetti qorg`aw ma`mleket basqarılıwına o`tkerildi, ha`m bul ma`selede bas juwapker etip miynet ministrligi tayınlandı. Keyin Ministrler kabinetinin` 16-fevral` 1995-jılg`ı 58-sanlı qararı menen miynet.

Miynet qa`wipsizliginin` tiykarg`ı wazıypaları jumıs orınlarında ha`m onın` menen baylanıslı jumıs protsesslerinde ju`zege keletug`ın jaraqatlanıw ha`m basqada baxıtsız qa`diyselerdi keltirip shıg`aratug`ın sebeplerdi joq qılıw ha`m mekeme adminstratsiyasının` xızmetlerine jumıs sharayatın jaqsılap beriwi, qadag`alap turıwı ilim ha`m texnika jetiskenliklerin engiziw tiykarında miynet qa`wipsizligi ha`m qorg`anıw qurallarıın u`ziliksiz jetilistiriw, miynet ma`deniyatın asırıw baxıt ha`diyselerdin` aldın` alıwg`a qaratılg`an.

Qa`wipsizlik ha`m talap qag`ıydalarına boysınbayshılıq sanitoriya ha`m gigienalıq normativlerdin` ha`mde miynet ta`rtibinin` buzılıwı, jumıs orınlarında jaraqatlanıwı, za`ha`rleniw ha`m ka`siplik keselliklerdin` kelip shıg`ıwına sebep boladı. Adam denesindegi payda bolg`an jaraqatlanıw zaqımlanıw delinedi.

Jaraqatlar o`ndiris ha`m turmıs jaraqatları ta`sirine qarap mexanikalıq ıssılık ximiyalıq, elektornlı bolıp, bo`linedi. Bulardan basqa ka`rxanalarda ka`siplik kesellikler ha`m za`ha`rleniw bolıwı mu`mkin. Ka`rxanalarda ushırasatug`ın jaraqatlar ka`siplik kesellikler ha`m za`ha`rleniwdin` sebepleri ha`r qıylı. Olar 4-gruppag`a bo`linedi. Sho`lkemlestiriw sebepleri, gigienalı sebepler texnikalıq ha`m ruxıy fiziologiyalıq sebepler.

Olar to`mendegishe:

-Aqaba suwlarda ha`m hawada zıyanlı zatlardın` joqarı kontsentratsiyasının` bolıwı.

-Qolaysız klimat sharayatları.

-Jaqtılıqtın` jeterli emesligi

-Tsexlarda shawqımnın` normadan ko`p bolıwı

-Sanitariya turmıslıq xızmet ko`rsetiw ka`rxanalarının` jetispewshiligi yaki olardın` jaman ahwalda saqlanıwı-Jumısshı ha`m xızmetkerlerdin` meditsina ko`riginen o`tkeriw kestesinin` buzılıwı h.t.b

Ruxıy fiziologiyalıq sebepler.

-Jumıstın` awırlıg`ı

-Ha`dden tıs sharshaw

-Jumıstın` monotonlıg`ı (1 tu`rliligi)

-O`ndiris ha`m miynet nızamının` buzılıwı.

-Jumıstın` psixofiziologiyalıq belgilerinin` orınlanıp atırg`an jumısqa say keliwi. h. t. b.

O`ndiris jaraqatları, ka`siplik kesellikler, sebeplerin anıqlawda ha`m olar aldın` alıwda jaraqatlardı u`yreniwdin` statistikalıq. Topo-grafiyalıq, monografiyalıq ha`m ekonomikalıq usılların paydalanıladı.

Ka`rxanalarda jumısshı ha`m xızmetkerlerdin` qa`wipsiz islew usıllarına u`yretiw jumıslardı islew sho`lkemlestiriw jaraqatlardın` kemeyiwine alıp keledi.

## JUWMAQLAW.

1. Arqa batıs Qızılqum jaylawlarındag`ı ju`zginler tiykarg`ı edifikatorlardan biri bolıp awıl xojalıq malları ushın ta`biyiy jaylaw sıpatında burınnan paydalanıp kelmekte. Olardın` o`nimdarlıg`ı tiykarınan jıldın` klimatlıq o`zgesheliklerine jawın-shashınnın` mug`darına baylanıslı o`zgerip turadı.

2. Ju`zginli jaylawlardın` qumlı massivlerde o`skeni sebepli olar menen birge bir jıllıq sho`p deneli o`simlikler efimer ha`m efimeridlar jaylawlardın` bahalılıg`ın arttıradı. Ju`zgin qara seksewil, qoyan su`yek, cherkez, astragal, juwsan h.t.b. ot jemlik o`simlikler menen qosılıp o`sip sho`l zonasında tog`aylardı payda etedi ha`m mikroklimatlardı jaratadı.

3. Qaraqalpaqstan qızıl qumında ju`zginlerdin` 37 tu`ri o`sedi. Olardın` barlıg`ı derlik ot jemlik qa`siyetke iye.

4. Bizin` baqlawlarımız boyınsha ju`zginlerdin` vegetatsiyası ko`p jıllıq shaqalarınan ose baslawı marttın` aqırında baslanadı.

Gu`llew fazası aprel`din` ekinshi yarımında ha`m miyuelew fazası maydın` akırında bolıp iyunnin` ortalarında, tuxımnın` pisiwi baklandı. Vegetatsiyasının` tamam bolıuı sentyabr`, oktyabr`de.

5. Ju`zginnin` bir jıllıq na`llerinin` o`siwi aprel`din` basında baslandı mayda ortasha 15 – 20 sm ge shekem o`sti. İyul`de na`lshelerdin` boyı 20 – 25 sm ge shekem jetti ha`m avgust` ayında gu`gi salkın menen ju`zginlerdin` o`siwi dauam ette. Bunda en` balent o`skeni meduza baslı ju`zgin 50 sm ge shekem jetti ha`m japıraqsız ju`zginnin` boyı 28 sm boldı.

6. Ju`zginnin` denesindegi ulıwma suwdın` mug`darı vegetatsiya da`wirinde o`zgerip baradı ha`m meduza baslı ju`zginge salıstırg`anda japıraqsız ju`zginnin` quramında suw ko`birek boladı. Ortasha ju`zgin denesindegi suw 70 – 75% boldı.

8. En` ba`lent transpiratsiya may ayında japıraqsız ju`zginde bolıp 883 mg gr\saat boldı. Meduza baslı ju`zginde transpiratsiya tezligi may ayında 720 mg gr\saat boldı. Transpiratsiya tezliginin` en` to`men avgust basında 330 mg gr\saat boldı.

8. Ju`zginli jaylawlarda mayda shaqlı jallıqlardı uzaq mu`ddetler dawamında ha`dden tıs ko`p bag`ıw olardın` joq bolıwına alıp keledi.

9. Jaylawlardan paydalanıw qadelerin saqlaw, jaylawlardın` sıyımlılıg`ın, o`nimdarlıg`ın anıqlap jaylaw maydanshalarına retlep almastırıp mallardı bag`ıw maqsetke muwapıq boladı.

## PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR


**1. Baxiev A.B.** - Ekologiya i smenarastitelnvx soobshestv nizov`ev Amudar`i. İzd-vo «FAN» Tashkent 1985

**2. Baxiev A.B., Novikova N.M.** – Sovremennoe sostoyaniya rastitel`nıx soobshestv nizov`ev Amudar`i «Floristicheskie i ekologo-geobotanicheskoe issledovaniya v Karkalpakskii» T 2, Toshkent Fan 1988.

**3. Beydman İ. İ.** - İzuchenie fenologii rastenii. V kN Polevaya geobotanika, T 2 1960.

**4. Karimov İ.A.** - Wzbekiston XXI asr busag`asida. Havfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari. Toshkent Wzbeksiton 1997.

**5. Qabulov S.K.** - İzmenenie fitotsenozov pustın` pri aridizatsii (na primere Priaral`ya) İzd-vo «FAN» Tashkent 1990 g.

**6. Korovin E.N.** - Rastitel`nost` sredney Azii i yujnogo kazaxstana İzd-vo. AN, KN-1, Toshkent 1961

**7. Nechaeva N.G.** - Metodika ucheta zapasa kormov na pustınnıx pastbishax. Ashxabad AN Turk 1997

**8. Saparniyazov J., Ametov . –** Qaraqalpaqstannın` ta`biyiy jaylaw rayonların jaqsılaw ha`m olardan o`nimli paydalanıw usılları. No`kis «Bilim» baspası 1993.

**9. Tajimuratov P., Ametov M., Saparov Sh. –** U`stirt jaylawlarınan na`tiyjeli paydalanıw. No`kis «Qaraqalpaqstan» baspası. 1995 88 b.

**10. Turemuratov U.** - Rastitel`nıy pokrov Severo-Zapadnıx Qızılkumov İzd-vo. «Fan» Toshkent 1978.

11. **O`tenov T., Sagitov B.N., Saliev J. –** Qaraqalpaqstannın` qorg`au`g`a tiyisli ta`biyiy o`simlikleri. «Qaraqalpaqs-tan» baspası, No`kis 1988 j.

12. **O`tenov T., Ta`jetdinov M. –** Botanika terminlerinin` russha Qaraqalpaqsha qısqasha tu`sindirme so`zligi. No`kis «Bilim» 1991 j.

13. **Saparniyazov J.** - Rod Calligonum v priaral`skix Kızılkumax. Tashkent «FAN» 1983.

14. **Saparniyazov J.** - Djuzgunniki Karaylinskogo arxipelaga (Priaral`e). Problemı osvaeniya pustın`, 1975. №6

15. **Sabirov G., Shaniyazova Z. –** O`simliklerdin` suw rejimin u`yreniw usılları. No`kis 2004.

16. **Erejepov S.E.** - Flora Karakalpakiy, eyo xozyaystvennaya xarakteristika, ispol`zovaniya i oxrana. İzd-vo «FAN», Tashkent 1978.